

ХАСАБ ПИКРУ

**Казакги, идараги гьезда тӀаса бахӀсалги**

Стр. 2

СПОРТ

**Нилъерав кӀиабилев**



Стр. 4


# ЛЪАРАТӀА



ЛъаратӀа районалъул газета

№ 2 * февраль 2016 с. Газета биччала моцӀида жаниб кӀиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


## Республикаялъул бетӀерасулгун дандчӀвай

**10 абилеб февралалда МахӀачхъалаялда ХъахӀаб рокъоб ЛъаратӀа районалъул бетӀер Ражаб Ражабов дандчӀвана республикаялъул бетӀер Рамазан ГӀабдулатӀиповгун. Гьенир рорхана гӀемерал кӀвар бугел суалал районалъул гӀунгутӀабазда ва тӀокӀлъабазда хурхарал. Районалъул бетӀерас хӀисаб гьабуна гьоркьисеб соналъ гьарурал хӀалтӀабазул ва гьанжеялдаса гьаризе цере чӀарал масъалабазул.**



Бищунго кӀвар цӀикӀараб суал кидаго налогал ракӀариялъул букӀиналъ, Ражаб Ражабовас доклад байбихьана налогаздасан. Гьесул рагӀабазда рекъон гьоркьисеб соналъ районалда налог бакӀарана 130 процент кинабго цебе лъураб планалдаса, ай 46,3 млн.гъуруш. Налогал ракӀариялда рекъон гӀадамазулгун гьарулел руго кӀалъа-басаял, гьеб чара гьечӀеб хӀужа ккола район цебетӀезабизе экономикиябгун социалияб рахъалъ. Рамазан ГӀабдулатӀиповас кӀвар бугеблъун рикӀкӀунеб буго районалда данде кколеб бизнес цебетӀезаби, гьелъ кумек гьабилин хӀалтӀулел бакӀал гӀадамазе щвезе ва цӀикӀкӀун налогал ракӀаризе.

Ражаб Ражабов: «ГьабсагӀаталъ районалда хӀалтӀулел руго 134 производствоялъул компаниял, 5240 ЛПХ (личное подсобное хозяйство). Районалъ рихьизарулел руго лъикӀал хӀасилал росдал магӀишаталъул продуктал гӀезариялъул рахъалъ. ЛъагӀалида жаниб хӀадур гьабуна 4960 тонна гьан, 20800 тонна рахьдал, ай щибаб къоялъ 20 тонна, 360 тонна гӀиял рахь, 70 тонна гӀиял хӀан. 2014 абилеб соналъул байбихьудаго биччан букӀана Анцухъ гамачӀ гӀисин гьабулеб завод, 35 чи жанив хӀалтӀулеб ва гьединго бетонгун хъил хӀадур гьабулеб завод. Гьезул кумекалдалъун районалда аслиял къватӀазда хъил тӀезе рес щвана. Районалда форель ччугӀа гӀезабиялъе шартӀал руго, бана кӀиго хӀор, Салда ва Гьендухъ росабалъ.

Бабаюрт ва Нугъай районалъул ракьалда ругел хъутабазда чӀезарун руго шартӀал росдал магӀишат цебетӀезабиялъе, ран руго сараял къватӀир риччачӀого жанирго хӀайван-боцӀи гӀезабулел. Аслиял кооперативаллъун рикӀкӀуна «Чорода-2005», «Забота», «Шива-I», «Камилухъ», «Баракат-1».

Гьеб гуреб цӀигьабун буго шагьранухъ Хамаматюрт-Ибрагьимотар 8 км хъилги тӀун, бан буго цӀияб мажгит Калининаул росулъ, кинабниги гьениб хвезабураб гӀарцул къадар 45млн. гъуршиде бахъана. Районалда буго 8 спортзал, гьезул площадь цадахъ босани 1800 кв.м. ва 38 спорталъул площадкаби, 101 культурияб рукъ росабалъ ругелгун цадахъ рикӀкӀун. Кинабниги гьоркьисеб соналъ гӀуцӀун букӀана 2550 чиясе хӀалтӀизе бакӀ».

*Президентасухъе кагъат*

## БецӀаб замана лъугӀун гьечӀо

### *Республикаялъул бетӀерасухъе ЛъаратӀаса гӀарза хъвана*

**ЛъаратӀа районалда жеги тӀубан рагӀалде бахъичӀеб масъалалъун хутӀулеб буго гӀураб къуваталъул ва гьоркьоса тӀагӀинчӀого районалда ток чӀезаби. Хасго гьелдаса балагь буго районалъул тӀасияб мухъалъул росабазе, ай Кьондол, Лъебелазул ва ТӀомуразул жамагӀаталъе. ГӀемераб мехалъ сабурги гьабун, кинабгӀаги гьелъул хӀасил ккечӀеб мехалъ ТӀомуразул жамагӀаталъ хъвалеб буго рагьараб кагъат АО «Дагестанская сетевая компания» абураб идараялъул директорасухъе ва республикаялъул нухмалъулев, нилъер ракьцояв Рамазан ГӀабдулатӀиповасухъе**



Токалъул суал нилъер районалда цебегоса нахъе буго кинниги тӀубазе бажарулареб масъалалъун. Районалъул тӀасияб мухъалда хасго захӀматаб хӀал буго. БукӀине кколеб 220 В бакӀалда ток дагьлъулеб буго 105-120 В щвезегӀан. Гьелда бан кинабгӀаги пайда босизе рес гьечӀо токалъул алатаздасан, хӀатта гӀадатияб токалъул лампочкаялъулцин цӀакъго мукъсанаб кунчӀи буго, хӀедул чирахалъул канлъиялдаса дагьаб гурони батӀалъи гьечӀеб. Щибаб къоялъ ток тӀубанго тӀагӀиялъул бицинеги захӀмат буго. 1970 абилел сониздаса нахъе хисичӀел хӀабалги, цӀигьаричӀел кваралги гьанжеги хӀалтӀулеб мехалъ тӀагӀичӀого хутӀулищ ток. Цо гьитӀинабго гьавабакъалъул хиса-баси ккани гьеб заманалъго тӀагӀун уна. ГӀадамал ругьунлъун руго гьури пурабго ток тӀагӀиялда. Цо балъгояб ургъел рещтӀуна цӀад базе байбихьарабго яги гьури багъарарабго.

ЛъаратӀа райцентралдаса тӀаде киб цо жагъаллъи кканиги ток тӀагӀунеб буго тӀубараб 20 батӀияб росулъе, 8 сельадминистрациялде. ГӀадатиял чагӀазул бицинего гьечӀо, токалъул бигьалъабаздаса махӀрумлъула школаби, лъимазул ясли-ахал, ФАПал, больницаби, росдал администрациял ва.гь.ц. Гьеб гуреб ток сварабго заманалдаса тӀагӀунеб буго телефоналъул бухьенги ва цо бетӀерахъи гьечӀеб ралъдал чӀинкӀиллъиялде рехараб гӀадаб хӀисаб буго гӀадамазул.

Цониги чи захӀматго унтани хехаб кумек ахӀизе ресго гьечӀо. РосабаздасагӀолохъаби кидаго хӀадурал руго кумек гьабизе авария ккараб бакӀалда, гьабулебги буго кидаго. Амма районалдаса бригада кидаго кватӀун гурони щоларо, нахъисеб къоялъ яги жеги хадусеб къоялъ щола, жидее бокьарабго, цо щил лъаларел багьанабиги рахъун.

Гьебги гӀоларого хасало гьоркьо-гьоркьоб къаси яги къад ток къала районалдаса тӀадехун ругел росабалъе. Гьелъие гӀилла щибан гьикъарабго жаваб кьола, токалъе экономия гьабиялъе гӀоло къазе тӀамулила республикаялдаса тӀамун яги Хьаргаби ГЭСалдаса.

ТӀубарал километраяз кварал руго нахъе ярулярел, хисизе ккарал, бакӀ-бакӀалдаса тӀун цӀигьарурал, гьединго доре гьетӀун гьанире щапун унел турарал хӀабалги, гьутӀбузде кьурабалъе рухьун хӀалихъе рахъун чӀарал.

ГӀемерал хъвана кагътал Хьаргаби районалъул ГЭСалъул нухмалъулездe, ЛъаратӀа районалъул нухмалъиялде, кинниги гьелъул хӀасил бихьулеб гьечӀо. Гьелда бан исанасеб соналъул байбихьудаса нахъе районалъул тӀасияб мухъалъул гӀадамаз бухӀараб токалъухъ гӀарац кьезе инкар гьабун буго. 220 В къуваталъулгӀаги чӀезабизе кколила ток, гьеб мехалъ кьезе бугин гӀарацги. Законалда рекъон гьел ритӀарал ратизеги бегьула, щайгурелъул сундухъ гьез гӀарац кьезе кколеб токалъул алатал хӀалтӀулел гьечӀеб мехалъ.

Ахирисеб Халкъияб собраниялъул сессиялда депутатаз борхун букӀана суал, республикаялда гӀилла гьечӀого ток къарал яги гӀураб къуваталъул ток чӀезабизе бажаруларел чагӀи тамихӀалде цӀазе кколин прокуратураялъ.

Республикаялъул нухмалъиялъ гьеб суалалде кӀвар буссинабун батани хьул буго тӀоцебе нилъер ракьалда гьелъул гӀадлу гьабизе батиялда.

**Расул АБАКАРОВ**

## Бюджетная роспись (расходы) АСП "Сельсовет Чадаколобский"

| документ ,учреждение | вед. | разд | ц. ст. | расх. | Сумма на 2016 г. |
|---|---|---|---|---|---|
| **Учреждение : Администрация сель. Пос. "сельсовет Чадаколобский"** | 000 | 0000 | 0000000 | 000 | |
| Заработная плата | 001 | 0104 | 9990020400 | 121 | 574000,00 |
| Прочие выплаты | 001 | 0104 | 9990020400 | 122 | 50000,00 |
| Начисления на выплаты по оплате труда | 001 | 0104 | 9990020400 | 129 | 173348,00 |
| Аренда за пользование имуществом | 001 | 0104 | 9990020400 | 244 | 35000,00 |
| Увеличение стоимости основных средств | 001 | 0104 | 9990020400 | 244 | 95000,00 |
| всего | | | | | 927348,00 |
| **ЖКХ** | | | | | |
| коммунальные услуги | 001 | 0503 | 996000500 | 244 | 91900,00 |
| Работы ,услуги по содержанию имущества | 001 | 0503 | 996000500 | 244 | 83800,00 |
| Увеличение стоимости материальных запасов | 001 | 0503 | 996000500 | 244 | 100000,00 |
| всего | | | | | 275700,00 |
| **Ц/бух.** | | | | | |
| Заработная плата | 001 | 0113 | 9990022900 | 121 | 246000,00 |
| Начисления на выплаты по оплате труда | 001 | 0113 | 9990022900 | 129 | 74292,00 |
| Увеличение стоимости основных средств | 001 | 0113 | 9990022900 | 244 | 40000,00 |
| всего | | | | | 360292,00 |
| **ВУС** | | | | | |
| Заработная плата | 001 | 0203 | 9980051180 | 121 | 37300,00 |
| Прочие выплаты | 001 | 0203 | 9980051180 | 122 | 18400,00 |
| Начисления на выплаты по оплате труда | 001 | 0203 | 9980051180 | 129 | 11300,00 |
| Прочие работы ,услуги | 001 | 0203 | 9980051180 | 244 | 0,00 |
| всего | | | | | 67000,00 |
| **Ф\С** | 001 | 1101 | 9995129700 | 244 | 30000,00 |
| всего | | | | | 30000,00 |
| **Молодежная политика** | | | | | |
| Прочие работы ,услуги | 001 | 0707 | 9994310100 | 244 | 0,00 |
| всего | | | | | 0,00 |
| **СДК** | | | | | |
| Заработная плата | 001 | 0801 | 9994409900 | 121 | 747000,00 |
| Начисления на выплаты по оплате труда | 001 | 0801 | 9994409900 | 129 | 225600,00 |
| Аренда за пользование имуществом | 001 | 0503 | 9994409900 | 244 | |
| Работы ,услуги по содержанию имущества | 001 | 0104 | 9994409900 | 244 | |
| Увеличение стоимости основных средств | 001 | 0503 | 9994409900 | 244 | |
| Увеличение стоимости материальных запасов | 001 | 0801 | 9994409900 | 244 | 10000,00 |
| всего | | | | | 982600,00 |
| ИТОГО | | | | | **2642940,00** |

**Председатель с/с АСП"с/п Чадаколобский "" МАГОМЕДОВ М. К.**



# Баркула хъулухъ

ТIоцебесеб февралалда республикаялъул бетIересул буюрухъалдалъун нилъер ракьцояв, цеве вукIарав районалъул бетIер МухIамад ГIалиханов тIумуна цIияб хъулухъалда республикаялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерасул заместительлъун. Районалъул администрациялъ ва редакциялъ ракI-ракIалъ баркулеб буго МухIамадида цIияб хъулухъ, гьарула гьесие щулияб сахлъигун халатаб гIумро ва жеги чIахIиял хъулухъал. МухIамад ГIалиханов нилъеда лъала ракIбацIадго жиндир хIалтIи тIубалев чилъун. Районалда гьев хIалтIана 2001-2010 абилел соназда Пенсиониябфондалда ва 2010-2015 абилел соназда ЛъаратIа районалъул бетIерлъун.

*Хасаб пикру*

# Казакги, идараги гьезда тIаса бахIсалги

**ГIемераб хъуй гьабуна гьатIан къоялъ РГВК каналалъул студиялда тележурналист Алексей Казакица динияб идараялде гьабураб хитIабалъ. Гьениб Казкица динияб идараялде хитIаб гьабулеб буго нужер гIураб ресги сурсаталги ругин больницаби разе кумек гьабеян.**



Социалиял сетазда гьеб тема сабаблъун лъабиде бикьанин халкъин абизе бегьула. ТIоцересез Казакида рагъ лъазабуна гьеб хитIабалъухъ, ай тIад ран лъугьана Лёшадаса идара цIунизе. Гьединаб хъулухъ хIажат бугониги гьечIониги лъугьана гьезего гьечIев тушманасадаса дин цIунизе. КIиабилезе Казакица абураб жоялъул ургъелго гьечIо идараялде гъегъ базе щвaралдаса. Гьезда гъорлъ руго батIи-батIиял гIадамал - диниял оппонентаздаса рахъарал атеистазде ва космополитазде гIунтIун.

Гьел руго санагIат ккараб щинаб бакIалда «Дагъистан Исламалдаса хвасар гьабе, гьаб светскияб республика буго» - ян чIичIидулеб агълу. Гьел дагьал чагIи руго, дагьал ругониги социалиял сетазда цIакъ мадар гьабула гьез нилъер динги, гIадаталги, рукIа-рахъинги сурун бихьизабизе. Гьезул пикруялда гьеб буго «цебетIей ва цивилизация». Лъабабилел рукIана Казакил хитIабалъулъ щибниги квешаб жо бихьичIел гIадамал.

Гьединаздаса вуго гьал мухъал хъвалев дунгоги. Казак журналист хIисабалда дие вокьуларо, бокьуларо гьесул вагъа-вакари ва хьвагIулел кверал, малълъариги, жиндир жиндихъго рокьи ккараб вагъа-вакариги. Амма гьадаб идараялде больницаби разе квербакъи гьабе абураб хитIаб идараялъул рахъ колезда гуро квеш бихьизе ккoлеб букIараб, квеш бихьизе кколаан хIукуматалда, официалияб власталда.

Гьелъул магIна буго нужеда кIолеб гьечIин шартIал чIезаризе садакъаялдалъун мажгитаз кумек гьабуни гурони абураб. Гьеб буго цо рахъ. Цойги рахъ буго кумек гьариялъулъ - Дагъистаналда динияб идара кутакалда къуватаб, ресги, сурсатги, хадуб халкъги бугеб финансовияб ва политикияб институт бугин мукIурлъи.

Лъида кIолеб гьеб гьереси гьабизе, бугогури гьедин. Казакил рекIелъ бугеб жо нилъеда лъаларо, амма бусурбаби гьелдаса роххизе ккола. МухIканго лъала хIажалъани шайих АхIмадхIажица цо ишара гьабуни бокьараб бакIалда гьеб больница балел чагIи ратулеллъиги. Гьелъие мисаллъун буго 2007 абилеб соналъ МахIачхъалаялъул Джума мажгит гIатIид гьабизе «Дорога в рай» абураб акциялъ цо къоялда жаниб 25 миллион гIарац бакIарун букIана.

Дида ракIалда буго доб мехалда номералдаса номералде президент МухIу ГIалиев какулев «Республика» газеталъул редактор Заур Гъазиевас хъварал мухъал. Гьес абулеб букIана властаалъ хитIаб гьабун нусазарго бакIаруларин халкъалъ, гьеб бугин рухIияб властаалъ светскиялъул кIаркьен чIвай гIадаб жо абун. Гьебго жо такрар гьабун буго Казакица. ВитIун гьев вугин дида абизе кIоларо, щай гурелъул гьенив адресат мекъав вуго, гьеб шартI тIубазе ккола идараялъ гуреб пачалихъалъ. Дида бичIчIуларого буго аб хIалалъ Казакидаса идара цIунизе рахъарал, рогьрал ралел чагIазул реакция.

Дир кIалтIе гьарудхъан вачIани гьеб дун гьитIин гьави ккoларо, кIодо гьави ккола. Рес рекъани кьела, рекъечIони лъикIаб рагIудалъун тIовитIила. Щай дун гьесда вагъдезе кколев? Гьебго мисал буго гьанибги. ГIурусаз гьединаб жоялда абула «медвежья услуга» абун. ЛъикIлъи гьабизеян гьабулеб квешлъи. Щай аб «медвежья услуга» букIунеб? Цо чиясул букIун буго тIинчI бугелдаса нахъе хьихьараб ци, цIакъ хважаинасе ритIухъаб. Цо къоялъ тиризе араб бакIалда свакарав хважаин кьижун ккун вуго. БачIун гьесул гъурмада рещтIун буго тIутI. ТIутIалдаса хважаин цIунизе ва тIутI чIвазеян циялъ босун хважаинасул гурмалъ гамачI речIчIун тIутI чIван буго, цадахъ хважаинги щун вуго къадаралде. Гьелъ бижараб буго «медвехья услуга» абураб каламги.

Идараги динги цIунизеян нужеца гIадамал хIакъир гьарулел ратани гьелъулгун исламалъул гIаммаб жо щибниги гьечIо. Ислам буго ракълил дин, гьелъ инсан вачине ккола лъикIлъиялде ва инсанлъиялде. Аллагьасе гIоло гIадамазулгун гьабулеб рагъ гьениб беццун батуларо. Аллагьас сабруги кантIиги кьейги нилъер щивасе. Хабарги лъикIаб рагIайги.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

# ИНФОРМАЦИЯ
## О проведении недели военно-профориентационных мероприятий

«Есть такая профессия - Родине служить!» среди учащихся выпускных классов Тляратинской общеобразовательной средней школы

В соответствии с приказом Министерства труда и социального развития РД о проведении недели военно-профориентационных мероприятий «Есть такая профессия - Родине служить!» среди учащихся выпускных классов Тляратинской общеобразовательной средней школы **от 29 января 2016 года № 12-35 в Тляратинской общеобразовательной средней школе с 15 по 20 февраля 2016 года пройдет неделя военно-профориентационных мероприятий ««Есть такая профессия - Родине служить!»,** основными целями которого являются: обеспечение эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных организаций, оказание им содействия в профессиональном самоопределении, реализации индивидуального потенциала и ориентирования их на выбор профессий, пользующихся перспективным спросом на рынке труда, а также повышения информированности учащихся о военных профессиях (специальностях), патриотического воспитания молодежи, создание благоприятной среды для развития молодежного предпринимательства, развитие молодежной фантазии, противодействие наркомании, токсикомании, алкоголизму, профилактика безнадзорности и совершения правонарушений среди молодежи.

**Место проведения:**
РД, Тляратинский район,
сел.Тох-орда
19 февраль 2016 год, 14 ч.00 м.

**Директор ГКУ РД в МО «Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р.**

# О повышении качества предоставления государственных услуг ОМВД России по Тляратинскому району Мониторинг удовлетворенности заявителей качеством предоставления государственных услуг

**МВД Дагестана призывает граждан во избежание очередей пользоваться порталом «Госуслуги».**
**МВД Дагестана обращает внимание граждан на то, что государственные услуги, предоставляемые ведомством, можно получить в электронном виде, избежав тем самым потери времени в многочасовых очередях перед кабинетами ответственных работников.**

Министерство внутренних дел республики осуществляет предоставление госуслуг в электронном виде по многим направлениям. Среди них – выдача справок о наличии или отсутствии судимости, регистрация автотранспортных средств, прием квалификационных экзаменов у кандидатов в водители и выдача им водительских удостоверений, регистрация сообщений о происшествиях, ряд госуслуг в сфере частного охранного бизнеса и оборота гражданского оружия и ряд других.

Однако, как отмечает начальник Центра лицензионно-разрешительной работы МВД по РД Константин Томилин, граждане привыкли действовать по старинке и предпочитают стоять в очередях: «Такой порядок обращения у нас в республике пока остается на неудовлетворительном уровне — очень малое количество граждан обращается к нам через портал "Госуслуги", несмотря на то, что процедура достаточно удобная. К сожалению, не все граждане об этом достаточно осведомлены».

По его словам, процедура очень проста. Граждане должны лишь зарегистрироваться на портале государственных услуг РФ www.gosuslugi.ru. И затем просто зайти на официальный сайт госуслуг, выбрать необходимый раздел, оформить заявление и получить услугу.

«После заполнения в соответствующей электронной форме обязательных сведений (ИНН, ФИО, СНИЛС, дата рождения и т.п.) гражданин получает код активации, с помощью которого у него появляется возможность войти на портал "Госуслуги" и воспользоваться всеми предоставленными сервисами.

К примеру, с помощью портала можно будет подать различные заявления на получение той или иной услуги – от оформления водительских прав до оплаты штрафов. В оформленном заявлении будет указано время приема, к которому вам следует явиться для получения услуги.

Он подчеркнул, что граждане, которые оформляют лицензии через портал государственных услуг, обслуживаются вне очереди и при подаче заявления о предоставлении государственной услуги с использованием сети Интернет, заявитель имеет возможность получения сведений о ходе выполнения своего запроса о предоставлении государственной услуги. Это также на руку тем жителям, которые живут в различных районах республики. Они смогут, находясь у себя дома получить любую государственную услугу оказываемую министерством внутренних дел Дагестана в электронном виде. От них только требуется приехать в МВД для получения готовой лицензии или справки.

В настоящее время ЦЛРР МВД России по РД оказывает 28 государственных услуг, связанных с оборотом оружия и частной охранной деятельностью. Это и получение лицензий на право хранения, ношения оружия, выдача лицензий на частную охранную деятельность, удостоверения частного охранника, разрешение на открытие частного охранного предприятия и т.д.

На портале дано описание каждой государственной услуги, включая полное официальное название, требования по срокам оказания, категории получателей государственной услуги, оплата государственной пошлины. Обозначен подробный список необходимого перечня документов по каждой государственной услуге. Кроме того, указано описание «смежных» услуг. Например, кроме услуги на выдачу удостоверения частного охранника даны описания смежных услуг, таких как продление срока действия удостоверения, внесение изменений в удостоверение.

«В прошлом году Центром лицензионно-разрешительной работы от жителей республики поступило более 33 тысячи заявлений по госуслугам, из них в электронном виде лишь 46, а в общем за три года действия этой услуги всего было 119 заявлений в электронном виде», – привел данные Томилин.

Он добавил, что будут постоянно проводиться мониторинги качества обслуживания граждан, насколько быстро и эффективно все прошло, насколько вежлив был сотрудник подразделения. На основании этой оценки впоследствии будут делаться выводы о работе того или иного подразделения.

На официальном ведомственном интернет-сайте МВД по Республике Дагестан в рубрике «Госуслуги, оказываемые гражданам» опубликована ссылка на сайт "Ваш контроль.ру", где граждане могут оставить свой отзыв о качестве предоставленной государственной услуги в МВД по РД в электронном виде.

Начальник отделения по регистрационно-экзаменационной работе Управления ГИБДД, майор полиции Магомед Алигазиев отметил, что основной функцией в системе госуслуг является регистрация транспортных средств, а также выдача и замена водительских прав.

«И в данном случае можно не стоять в очереди, а подать заявку на портал госуслуг. При этом человек сам может выбрать удобные ему дату, время и место. Проверка его документов пройдет предварительно, что существенно сократит время», – сказал он.

Кроме того, с помощью портала можно получить услуги, предоставляемые Информационным центром МВД по РД: выдача справок о наличии (отсутствии) судимости, справок о реабилитации жертв политических репрессий, по выдача архивных справок.

Гражданам предоставлена возможность для получения справок о наличии (отсутствии) судимости обращаться не только в Информационный центр МВД по Республике Дагестан, но и в МФЦ.

Таким образом, в настоящее время гражданину для получения государственной услуги от МВД России требуется предъявить минимальное количество документов, как правило, имеющихся у него на руках. Большая часть сведений и документов запрашивается через систему межведомственного электронного взаимодействия в федеральных органах исполнительной власти, где она имеется.

Хотелось бы еще раз подчеркнуть, о преимуществах пользования Порталом государственных услуг(www.gosuslugi.ru) и получения госуслуги в электронном виде: сокращается сроки предоставления услуг (до 20 дней по линии центра лицензионно-разрешительной работы и до 15 дней по линии информационного центра, когда в порядке живой очереди срок получения госуслуг составляет 30 дней); уменьшаются финансовые издержки граждан и юридических лиц.

**Список руководителей правоохранительных и фискальных органов, действующих на территории Тляратинского района:**

1. Начальник ОМВД РФ по Тляратинскому району подполковник полиции **Курбанов Курбан Гамзатович**, тел: 8-265 34202; 99-65-70; моб: 89604188326;

2.Прокурор Тляратинского района старший советник юстиции **Ахмедов Султанбег Гаджиевич**, служ. тел: 8-265 34207; моб: 89285474188;

3. Федеральный судья Тляратинского района **Магомедов Алигаджи Махмудович**, служ. тел: 8-265 34231; моб:89882619668;

4. Дежурная часть ОМВД Телефон № 99-65-69. №3-44-02

5. Дежурная часть МВД по РД № 99-40-04. № 68-27-28

*Флора ва фауна*



**Балагъун беразе лазат щолеб, рекIелъе цIикIкIараб рохелги аваданлъиги лъугьинабулеб, гьайбатаб ракь буго гьаб. ЛъаратIа районалдещварасда рагьун цебе рехун бихьулебщинаб беццизе жеги гIемерал гьединал рагIабаздаса пайда босизе бегьила.**

# ТIабигIат цIуниялъе кьураб гIумру

Киданиги биунареб гIазуца ва цIороца рацарал мугIрузул рорхатал тIогьал, тIабигIат цIунарал хъаравулзаби гIадин, тIасан ралагьун чIун руго гъоркьехун ругел мугIрузул мучIдузухъги рохьазухъги. МугIрулги кьурабиги гIанлъун, Журмуталъул тIолабго жаниблъиялдасан чвахулел лъарал цолъун лъугьун буго гьалагго хъудулеб гIор. Дагьал эхедегIан рахани, беразда цере рехун рачIуна рорхатал мугIрузда ругел гIажаибго берцинал хIорал – МалахIел, ХъахIилаб хIор, Хала хIел ва цогидалги.

Грузиялъулгун ва Азербайжаналъулгун гIорхъода, гIорхъолъа борчIун гIажаибаб бакIалда 58 азарго гектаралъул гIатIилъиялда «Гутоналъулаб» заказник гьабуралдадаса бащдаб гIасруялдасаги цIикIкIун заман ана. Хадусел соназда гьелъул кьучIалда гIуцIана федералияб кIваралъул пачалихъияб тIабигIаталъулаб «ЛъаратIа» заказник. Гьелъул гIатIилъи бахуна 83 500 гаялде. 2009 соналда «ЛъаратIа» заказник бачана «Дагъистан» заповедникалде гъоркьобе. ТIабигIаталъул гьеб хIикматаб бакIалъул бицунаго, бокьун буго тIоцебесеб иргаялда бицине «ЛъаратIа» заказникалъе кьучI лъурал, гIагараб ракьалъул тIабигIаталде рокьи бугел, гьелъул цIех-рех гьабурал ва гьеб цIунарал гIадамазул хIакъалъулъ. Гьайгьай, гьаниб абизе ккола гьадинаб гьайбатлъиги берцинлъиги цIунарал чагIи рукIине кколин кигIан кIудиябги рецц-бакъалъе мустахIикъал, ракIлъикIал, тIабигIаталде рокьи бугел гIадамал.

Гьединаздасан цояв ккола МухIамадов ГIабдула ГIабдулаевич.

Гьев заказникалда хIалтIана гьеб гIуцIараб къоялдаса нахъего. МагIарухъ гьавурав ва гIурав, умумузулъанго ирсалъе щвараб чанахъанлъиялде машгъуллъарав гьесул чорхолъ жиндирго гIагарал чагIаздасан гьитIинго бессана тIабигIаталъул къанунazул хIурмат гьабиги гьезде рокьиги.

1955 соналда цIалун вахъараб мехалда, гьев ахIана Советияб Армиялъул кьеразулъ хъулухъ гьабизе. Гьеб хъулухъги тIубан, рокъове тIад вуссиндалги заказникалда хIалтIана инсуе кумек гьабун.

1970 соналда ГIабдула ГIабдулаевич цIализе лъугьана Иркутскиялъул росдал магIишаталъул институталъул чанахъанлъиялъул факультеталде. Институтги лъугIизабун жиндирго ватIаналде тIадвуссараб мехалда гьев тIамуна ЛъаратIа заказникалъул охотоведлъун. «ЛъаратIа» абун цIар лъураб республикаялъулаб пачалихъияб зоологияб заказникалъул нухмалъулевлъун гьев тIамураб заманалда гьесул нухмалъиялда гъоркь заказникалъ ккураб ракь гIатIилъана 83,5 азарго гаялде бахинегIан.

Араб гIасруялъул 80-абилел сонazул кIиабилеб бащалъиялда ГIабдула ГIабдулаевич гочана Тарумовка районалде. Гьенивги тIаделъана тIабигIат цIуниялъул ишалде. Гьев тIамуна «Дагъистан» заповедникалъул «Гъизляралъул залив» участкаялъул кIудияв пачалихъияв инспекторасул хъулухъалде.

«Дагъистан» заповедникалда хIалтIаралдаса хадув ГIабдула ГIабдулаевич ана гъутаналда бугеб Журмуталъул гьоркьохъеб школалде биологиялъул учительлъун. ЦIикIкIараб хIаракат бахъана цIалдохъабазда тIабигIат бичIчIизабизе ва гьезие гьеб бокьизабизе.

Къуватав, бахIарчияв ва гьайбатав чи вуго ГIабдула ГIабдулаевич. Гьанже гьев пенсиялда вуго, гIумру гьабулеб буго васасда аскIоб магIарухъ.

РекIелъ кIудияб хинлъигун ва рокьигун ракIалде щвезабула заповедникалда хIалтIулев вукIараб заман.

Гьев кутакалда вохула тIаде гьобол вачIиналдаса. ЦIикIкIараб

*Ахир 4 -аб. гьум.*

*сахлъиялъул бокIон*

# Туберкулезалъ унтаразе кумек гьабизе буго

**Рузман къоялъ, 22 январалда республикаялъул ХIукуматалъул тIоцевесев вице-премьер Анатолий Карибовас тIобитIана туберкулезалда данде къеркьеялъул суалал рорхиялъул дандельи. Гьениб бицана нилъер районалъулги. Аслияб суал букIана ЛъаратIа, ЦIунтIа, ЧIарада районазул ва БежтIа мухъалъул хъутабазда гIумру гьабулел гIадамал туберкулез унтиялдаса цIуни абураб. Гьединаб докладгун цеве вахъана республикаялъул сахлъи цIуниялъул министрасул тIоцевесев заместитель Файзулагь ХIабибулаев.**



Докладчикасул рагIабазда рекъон, кинабниги сахлъи цIуниялъул рахъ республикаялда лъикIаб хIалалда бугониги, туберкулез унтиялде данде къеркьезе ккараб хIал бугин. Гъоркьисел соназда дандеккун квешаб ахIвалхIалги гьечIила. Гъоркьисеб соналда туберкулезалъ унтаразул къадар дагьлъана цересел соназда данде ккун. Гъоркьохъеб къадар унтаразул бугила 100 азарго чиясдаса 31,3 чи.

ТIолабго улкаялда босани I00 азарго чиясдаса 53 чи унтаразул къадар. Хасго республикаялда унтаразул къадар дагьлъун буго шагьаразда.

Гьединго Файзулагь ХIабибулаевасул рагIабазда рекъон республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъ ва районазул администрацияз цадахъ рекъон гьабулеб буго гIезегIан хIалтIи хъутабазда ругел гIадамазухъе щун, туберкулез унтиялъул хал-шал гьабун. Гьедин унтарал ине кколел руго республикаялъул больницабазде унти сахгьабизе. Гьел гурел цоги гIунгутIаби рикIкIана гьес. Масала, бищун кIудияб гIунгутIи бугила унтарасе кумек гьабизе ккани, бакIалъулал сахлъи цIуниялъул учрежденияздаса унтарал цIакъ рикIкIад рукIин.

Бабаюрт районалъул ракьазда, хъутабазда гIумру гьабулеб буго ЛъаратIа районалъул ва БежтIа мухъалъул гIемерисеб халкъалъ. Гьелда хурхун Анатолий Карибовас буюрухъ кьуна гIагараб заманалда, халат бахъичIого кIвараб кумек гьабизе туберкулез унтиялда данде къеркьеялъе тIоцебе Бабаюрт районалъе. Гьенир руго гIемерисел хъутаби ва хасго гьениб буго хIинкъи унти тIибитIиялъе.

Нилъеда лъала, гIатIиракьалда ругел нилъер районцоязул руго цоги захIмалъабиги. Масала, цIакъго дагьал руго больницаяздаса хехаб кумекалъул машинабиги. ГIемерисеб жоялъе квал-квал буго гьелдаса. Гъоркьисеб соналда ЛъаратIа больницаялдаса кумек гьабун тIаде кьуна цо машина хъутаналда Джурмут росулъ бугеб больницаялъе. РикIкIада росабалъ кIиго чи цадахъ захIматго унтани цо машинаялъул кумекалъ жо кколаро.

Гьединго Анатолий Карибовасул рагIабазда рекъон, гIатIиракьалда, хъутабазда гIумру гьабулел гIадамазе бигьалъаби рукIине, кIварабгIан хехго балагьизе ккола гIарац, туберкулез ва гьуърузул унтабазул хал гьабулел, цо бакIалдаса цоги бакIалде гочунел хасал аппаратал, машинаби росизе.

ЛъаратIа, БежтIа, ЦIунтIа, ЧIарада районазул бутIруз ралагьизе кколила ресал жеги цIикIун ФАПал разе хъутабазада. Гьединго тIалаб гьабулеб буго республикаялъул сахлъи цIуниялъул министрасдаса хасаб бербалагьи хъутабазда гIумру гьабулел дагьистаниязде.

**Расул АБАКАРОВ**

*спорт*

# Нилъерав кIиабилев



**Февралалъул I4-I5 абилел къоязда Австриялъул Оберварт шагьаралда тIоритIана дзюдоялъул рахъалъ Европаялъул кубокалъе гIоло къецал.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, Ибрагьимотар росулъа Арсен ГIумаровас Россиялъул тIасабищараб командаялда гьорлъ. Арсен вахъана финалада 100 кг цIайиялда, амма гьенив кьуна Джавад Махджоев абурав Ираналъул спортсменас. Кин бугониги Россиялъул тIасабищараб командаялда гьорлъ гIахьаллъиги, финалалде ворчIиги ккола нилъер ракьцоясул кIудияб гьунар.

РакI-ракIалъ баркула Арсенида кIиабилеб бакI ва гьарула гьесие щулияб сахлъигун жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

*Флора ва фауна*

# ТIабигIат цIуниялъе кьураб гIумру

*Байбихьи 3 -леб. гьум.*

гьираялда рицуна гIасрабаз гIелалъ гIелалъухъе кьун цIунарал къисаби ва харбал.

Гьединаб цо хабар нижееги бицана ГIабдула ГIабдулаевичас. «ЛъаратIа» заказникалъул ракьалда бугила цо мегIер, цIакъго цебесеб заманалда, гьеб рахъалъул гIадаталда рекъон, херал гIадамал цо къурулъа гьоркье рехулел рукIараб. Жидедаса щибго пайда гьечIеллъун лъугьарал гьединал херал гIадамал гьагьинир лъолел рукIун руго, цинги гьесда хадур гIодун, кинабго гIагарлъиялъ къолъикIги гьабун, ахирисеб сапаралде нухарегIун, гьегьгун цадахъ къурулъа гьоркьеги рехулев вукIун вуго. Гьеб гIадат гIемерал соназ халат бахъун буго.

Ахирги, магIарде рахараб мехалда, цо херас жиндирго васасда абун буго: «Дун гьагьиниса къватIиве вахъина, дуца гьеб рокъобе босе, дуеги къваригIине бегьула», – ян. «Щай?» – ян гьикъун буго гIажаблъун васас. «ЩайгурелъуI, дир вас, мунги дун гIадин херлъила, мун жанив лъезе дурр васасги гьабизе ккела гьегь. Гьабурабго бугони гьесие бигьалъиларищха!» – ян. Гьеб мехалда вас кантIун вуго жиндирго букIинеселъул пикру гьабизе. Гьагьинивго лъовухъе эмен рокъове ваччун вуго. Гьесдаса мисал босун, росдал цогидал гIадамазги хIукму гьабун буго БетIергьанас рухI босизегIан херазул хIурматги тIалабги гьабизе. Гьедин магIарухъа лъугIун ун буго гьеб вахIшияб гIадат.

ЛъаратIа гIемер руго гьединал биценал, руго жеги инсанас хIетIе чIечIел, амма жидер цIех-рех гьабизе мустахIикъал, хIикматал бакIалги. Гьаниве вачIарав чиясда батичIого хутIуларо жиндир рекIее кIудияб асар гьабулеб цогIаги бакI.

Гьайгьай, гIемер бицине бегьила нижер гьаниб гьайбатаб тIабигIат бугиланги, амма цо нухалъниги гьаниве вачIани лъикIаб букIина гIагараб ракьалъул бечелъиги тIабигIаталъул батIи-батIиял кьералги рихьун хIалхьезе.



**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 15.02.2016
Заказ ____________